ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№100 (23.508) ● 2017 гъэм накъыгъэм (майм) и 30, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

## Зыхуей хуэгъэза IуэхущIапIэ



**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Къэщкъэтау къуажэм къыщызэIуихащ УФ-м и МВД-м Шэрэдж районым щиIэ къудамэм и унэщIэр.**

КъБР-м и Iэтащхьэр КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министр Ромашкин Игорь, Шэрэдж районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Муртазов Борис, МВД-м и Шэрэдж район къудамэм и унафэщI полицэм и подполковник Ульбашев Мурат сымэ и гъусэу, унэщIэр зэраухуам еплъащ.

- ИкъукIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IуэхукIэ нобэ дызэхуэсащ. IуэхущIапIэм и унэу щытар 1957 гъэм яухуат икIи иджырей мардэхэм хуэкIуэтэркъым. Зэрытлъагъущи, IэнатIэм и лэжьакIуэ гупыр фыщIалэщ, абы къыхэкIыу сыфщогугъ фи Iэзагъэм хэвгъэхъуэну, - захуигъэзащ IэщIагъэлIхэм КIуэкIуэ Юрий. - Нэхъыщхьэр - цIыхухэм сэбэп дазэрыхуэхъун хуейрщ. Мы зэманым гулъытэшхуэ егъуэт къэрал IуэхущIапIэхэр зыхуейзыхуэфIкIэ къызэгъэпэщыным. Арщхьэкlэ, къытезгъэзэжынщи, зыми зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым ди къалэныр - цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэдгъэпэщынымрэ адэ-анэхэр мышынэу я сабийр курыт еджапIэхэм ягъэкIуэнымрэ. Пэжщ, куэдым я гуращэщ ди къэралыр зыIащIэну, ауэ ар зыми къехъулIэну-къым. Абы и лъэныкъуэкIэ куэд елъытащ фи лэжьыгъэм фызэрыбгъэдэтымрэ фызэрыхуэпэжымрэ, - жиIащ Iэтащхьэм икIи ехъулIэныгъэ яIэну ехъуэхъуащ.

Республикэ унафэщIхэр арэзы къищIащ унэщIэм: абы видеокамерэ 24-рэ щолажьэ, цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ зэрыхуащIэну Iэмал псори яIэщ, кинологхэм я унэ щхьэхуэ пщIантIэм дэтщ.

IуэхущIапIэм и гупэм накъыгъэм и 9-м къыщызэIуахащ я къалэн ягъэзащIэу хэкIуэдахэм я аллее. Конаков Мустэфа, Занкишиев Кязим, Гузиев ТIэхьир сымэ я фэеплъ мывэ абы щагъэтIылъам удз гъэгъахэр тралъхьащ.

**ТЭРЧЫКЪУЭ Дахэнагъуэ.**

## Шынагъуэншагъэм топсэлъыхь

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ Терроризмэм пэщIэтынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и комиссэм (АТК) и зэIущIэ.**

АР къыщызэIуихым, КIуэкIуэ Юрий жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм и нэгъуэщI щIыналъэ куэдми хуэдэу, Сириемрэ Иракымрэ щызэуауэ къэзыгъэзэжынкIэ хъунухэм я нэIэ трагъэтын зэрыхуейр.

- Нобэ долъагъу щIэпхъаджащIэхэм я зэран дуней псом зэрырагъэкIынум Iэмал къызэрыхуагупсысыр. Шэч хэлъкъым дэ терроризмэм зэпымыууэ Къэбэрдей-Балъкъэрым дызэрыщыпэщIэтым, ауэ иджыри дызэлэжьыпхъэ куэд дыдэ щыIэщ. Псом япэращи, республикэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэр щIагъэхуэбжьэн, терроризм гупсысэм ди щIалэгъуалэр щыхъумэн хуейщ, - пищащ **КIуэкIуэ Юрий**. - Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым етIанэгъэ ди къэралым хэхыныгъэхэр зэрыщекIуэкIынур къагъэсэбэпу, щIэпхъаджащIэхэм я къарур ди дежкIэ къаунэтIынкIэ зэрыхъунур. А псом щытхъумэн хуейщ ди щIалэгъуалэр. Куэд елъытащ ди лэжьыгъэр зэрызэдгъэуIум. Къыхэгъэщыпхъэщ, иужьрей илъэсхэм республикэр нэхъ мамыру зэрыпсэур, ауэ абыи емылъытауэ, сытми дыхуэхьэзырыпхъэщ, терроризм щIэпхъаджагъэм зыри зэрыщымыхъумам тетщIыхьу. КъБР-м и Правительствэри, Парламентри, жылагъуэ, дин IуэхущIапIэхэри дызэкъуэту мы Iуэхум яужь дитын хуейщ.

КIуэкIуэ Юрий республикэм и район администрацэхэм я Iэтащхьэхэм яжриIащ цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, щIалэгъуалэр щIэпхъаджагъэм щыхъумэным теухуауэ яхузэфIэкI къамыгъэнэну.

Терроры пыщIа Iуэхухэм дихьэха цIыхухэр гъуэгу тэмэмым тешэжыным ехьэлIауэ зэлэжьым тепсэлъыхьащ КъБР-м щIалэгъуалэ политикэр гъэзэщIэнымрэ къэрал IуэхущIапIэхэм экстремизмэм пэщIэтынымкIэ я лэжьыгъэр унэтIынымрэ я IуэхухэмкIэ и министр **Къуэшрокъуэ Залым**, Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Къардэн ФатIимэ**, Дзэлыкъуэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Джатэ Руслан** сымэ. Абы щызэпкърахащ республикэм и зыгъэпсэхупIэхэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхущIапIэхэмрэ щIэпхъаджащIэхэм зэрыщыхъумар.

ЗэIущIэм щыжаIам нэхъ пыухыкIауэ и гугъу щытщI тхыгъэ щхьэхуэ ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм тетынущ.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

● Депутат лэжьыгъэ

## Дэтхэнэми зэрыдэIэпыкъуным яужь итщ

**Накъыгъэм и 29-м УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Марьяш Иринэ хэхакIуэхэм яIущIащ.**

ДЕПУТАТЫР зыдагъэIэпыкъуну хуейуэ къэкIуахэм лъэIу зэхуэмыдэхэр яIэт. Псалъэм папщIэ, зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийм зэрыкIэлъыплъымкIэ пенсэ къратынымкIэ сэбэп яхуэхъуну, цIыхухэм лей къатезыгъэхьэ унафэщIым щхьэкIэ тхьэусыхэну, я псэупIэхэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ защIигъэкъуэну, налогышхуэ телъыр япшынынымкIэ дэIэпыкъуну, нэгъуэщIхэри. Псалъэм папщIэ, Аруан къуажэ Советым и депутат Мэрзэлий Юрий Марьяш елъэIуащ а жылэм псы къыщIэшыпIэ щаухуэнымкIэ защIигъэкъуэну.

- Iэмал щыIэххэмэ, дэтхэнэми дыдэIэпыкъунущ. Ар щытхузэфIэхыну пIалъэр езы лъэIур зыхуэдэм елъытащ, - къыхигъэщащ Марьяш Иринэ.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

● КъБР-м и Парламентым

## Сом мелардищым щIигъу дыщощIэ



**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ дыгъуасэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм депутатхэр щыхэплъащ хабзэ зэмылIэужьыгъуэхэм я проектхэм.**

ЗЭIУЩIЭМ щыхахащ Бахъсэн районым и суд IуэхущIапIэ №6-мрэ Аруан районым и суд IуэхущIапIэ №4-мрэ я зэзыгъэкIуж хеящIэхэр. А къалэнхэр пщэрылъ щащIащ Ташу Мухьэмэдрэ Къэрмокъуэ Андзоррэ.

Депутатхэм зэдэарэзыуэ Iэ яIэтащ КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ, ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм зегъэужьынымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и комитетхэм Къалмыкъ Эдуард зэрыхагъэхьэмкIэ. Апхуэдэуи езым закъызэрыхуигъэзам тету, КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщIым и къуэдзэ Пщыгъуэш Аслъэн и къалэнхэр щхьэщахащ.

ЗэIущIэм къыщацтащ «Муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр зэрыхахым теухуауэ», «КъБР-м и муниципальнэ IэнатIэм ехьэлIауэ», КъБР-м и хабзэхэм я проектхэр.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2016 гъэм гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым щытепсэлъыхьым, КъБР-м финансхэмкIэ и министр Лыхь Заур мыпхуэдэ бжыгъэхэр къиxьащ: республикэ бюджетым и хэхъуэр - сом мелард 26-рэ мелуан 979-рэ мини 179,2-рэ, къигъэсэбэпар - сом мелард 30-рэ мелуан 16-рэ мин 337,1-рэ хъуащ. Республикэр сом меларди 3-рэ мелуан 37-рэ мини 157,9-м щыщIащ. Зымыгъэзэж хэхъуэу щIыналъэм иIащ сом мелард 14-рэ мелуан 732-рэ мин 21,4-рэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетыр 2016 гъэм зэригъэзэщIар» КъБР-м и хабзэм и проектыр утыку кърихьащ а IуэхущIапIэм и унафэщI Бгъэжьнокъуэ Зурьят. Абы къыхигъэщащ я хэхъуэр процент 99,6-кIэ зэрагъэзэщIар - сом меларди 6-рэ мелуан 617-рэ мин 757,9-кIэ. Къигъэсэбэпар сом меларди 6-рэ мелуан 571-рэ мин 427,9-рэ мэхъу.

ЗэIущIэм щыхэплъащ «Республикэм и къэрал IуэхущIапIэхэм Iутхэм я улахуэм теухуауэ» КъБР-м и законым халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм ехьэлIа проектым, апхуэдэуи КъБР-м и Парламентымрэ Тэтэрстан Республикэм и Къэрал Советымрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм. Абы мэкъуауэгъуэм ипэ махуэхэм Къэзан Iэ щыщIадзыну траухуащ.

КъищынэмыщIауэ яубзыхуащ КъБР-м и хабзэгъэув IэнатIэм и гъатхэ лэжьэгъуэр щаухымрэ бжьыхьэм я Iуэхур щызэтраублэжынумрэ. Ахэр мэкъуауэгъуэм и 30, шыщхьэуIум и 28 махуэхэм тохуэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

## Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Байсултанов Одесрэ Налшык щызэхуозэ

**Иджыблагъэ Правительствэм и Унэм щызэхуэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Байсултанов Одесрэ.**



АХЭР тепсэлъыхьащ «2025 гъэм нэсыху Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зегъэужьыныр» къэрал программэм и «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэ» программэ къуэдзэм хиубыдэу туризмэм, промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм я IэнатIэхэм щагъэзэщIэну инвестицэ проект нэхъыщхьэхэм.

Гулъытэ хэха хуащIащ Урысейм Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министерствэмрэ «Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьынымкIэ корпорацэ» зэгухьэныгъэмрэ стратегие мыхьэнэ зиIэ я планым ипкъ иткIэ округым медицинэ кластер къыщызэгъэпэщыным, Къэбэрдей-Балъкъэрым и санаторэ-курорт IуэхущIапIэхэм и лъабжьэу узыншагъэр щызэтрагъэувэж иджырей реабилитацэ центр ухуэным республикэр зэрыхэтынум.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## КIуэкIуэ Юрий Урысейм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIхэм, абы къулыкъу щызыщIэхэмрэ ветеранхэмрэ я махуэшхуэмкIэ йохъуэхъу

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым иритхащ Урысейм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIхэм, абы къулыкъу щызыщIэхэмрэ ветеранхэмрэ я махуэшхуэм ирихьэлIэу зэрызахуигъазэ хъуэхъур.**

«ПЩIЭ яхуэтщIу дэ нобэ догъэлъапIэ ди къэралым и гъунапкъэхэм я хъумакIуэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм хиубыдэу йокIуэкI Урысейм и къэрал гъунапкъэм щыщу километрищэрэ щэщIым щIигъу. Урысейм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ - УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Гъунапкъэхъумэ IэнатIэм и унафэщI, армэм и генерал Кулишев Владимир лэжьыгъэ IуэхукIэ 2016 гъэм и шыщхьэуIу мазэм республикэм щыщыIам дытепсэлъыхьауэ щытащ щIыналъэ управленэр иджырей инфраструктурэкIэ къызэгъэпэщыным теухуа Iуэхухэм.

Къэрал гъунапкъэр хъумэныр иджыпсту Iуэху нэхъ гугъухэм икIи жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъхэм ящыщщ, сыту жыпIэмэ абы къегъэув дунейпсо терроризмэм и шынагъуэхэм, Iэщэмрэ наркотикхэмрэ хабзэм къемызэгъыу зэрызэблагъэкIым япэщIэтын, экономикэ шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщын хуейуэ. Япэ итахэм зэтрагъэува хабзэ нэхъыфIхэр къагъэсэбэпурэ, иджыпсту къулыкъу зыщIэхэм а Iуэху гугъухэр IэкIуэлъакIуэу зэрагъэзэщIэнум шэч къытесхьэркъым.

Къулыкъум пэрыт гъунапкъэхъумэхэм, ветеранхэм узыншагъэ быдэ, насып, ефIэкIуэныгъэ яIэну, ди Хэкум и фIыгъуэр гъэбэгъуэным хуэгъэза лэжьыгъэ мытыншым ехъулIэныгъэхэр къыщахьыну си гуапэщ», - къыщыгъэлъэгъуащ хъуэхъум.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Iэщэ яIэну хуитыныгъэ зратахэм гу зылъатапхъэ

Урысей Федерацэм 2018 гъэм футболымкIэ дунейпсо чемпионатымрэ 2017 гъэм конфедерацэм и кубокыр къэхьыным теухуа зэпеуэмрэ щыщрагъэкIуэкIыну зэманым шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщынымкIэ лэжьыгъэхэр гъэткIииным теухуауэ Урысей Федерацэм и Президентым 2017 гъэм накъыгъэм и 9-м къыдигъэкIа Указ №202-м къызэригъэувым ипкъ иткIэ 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ бадзэуэгъуэм и 12-м нэсыху Къэзан, Москва, Санкт-Петербург, Сочэ къалэхэм, 2018 гъэм накъыгъэм и 25-м щегъэжьауэ бадзэуэгъуэм и 25-м нэсыху Волгоград, Екатеринбург, Къэзан, Калининград, Москва, Новгород Ищхъэрэ, Дон Iус Ростов, Самарэ, Санкт-Петербург, Саранск, Сочэ къалэхэм лэжьыгъэхэр щыщIагъэхуэбжьэнущ хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ.

Абы къыхэкIыу Урысей гвардием и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм Iэщэ къащэхуну хуит зэращI лицензэхэр зыт и центрыр къывочэнджэщ яубзыхуа зэманхэм кърниубыдэу ищхьэкIэ къыщыгъэлъэгъуа къалэхэм фыкIуэмэ, евгъэтхауэ фиIэ Iэщэр къыздэвмыщтэну.

*Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ и IэнатIэ.*



## Республикэм щыпсэу цIыхубз нэхъыжь дыдэр илъэси 127-рэ ирокъу

Бахъсэн районым хиубыдэ Зеикъуэ къуажэм щыщ Щауэ Нану илъэси 127-рэ зэрырикъуамкIэ гуапэу ехъуэхъуащ район администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къанэмэт Рустам.

1890 гъэм къалъхуа бзылъхугъэр иджыри хъарзынэу и лъэм зэрехьэ. И тхьэкIумэр жанщ, гъащIэм и гур хузэIухащ. Абы быни 5, къуэрылъху-пхъурылъхуу 16, абыхэм я быныжу 31-рэ иIэщ.

*Бахъсэн районым и щIыналъэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

## Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм папщIэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфIхэ!

**Фигу къыдогъэкIыж 2017 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзыныр зэрекIуэкIыр.**

**Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кIэпIейкIэ 10-рэщ.**

Ди индексыр 51531




● ЕГЭ

## Экзаменхэр йокIуэкI

**Къэбэрдей-Балъкъэрым курыт школыр къыщызыуххэм дыгъуасэ географиемрэ информатикэмкIэ къэрал экзаменхэр ятащ. КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Емуз Нинэ щыIащ Налшык дэт курыт еджапIэ №27-м икIи экзаменхэр зытхэмрэ къеIызыххэмрэ яхуэзащ.**

НАЛШЫК къалэм экзаменхэр къыщыIахын папщIэ къыщызэрагъэпэща 925-нэ, 927-нэ пунктхэр ягъэува мардэ псоми къезэгъырт. Экзаменхэр зэрекIуэкIхэм абыхэм щыкIэлъыплъащ жылагъуэ лIыкIуэу 8, республикэм и министерствэм щыщхэр. А пунктхэм экзаменхэр географиемкIэ цIыху 66-м, информатикэмкIэ - 90-м щатащ.

Географиемрэ информатикэмкIэ экзаменхэр зэратам кърикIуар наIуэ къэхъунущ мэкъуауэгъуэм и 10-м фIэмыкIыу.

## НОБЭ

**♦Перу къэралыгъуэм щагъэлъапIэ кIэртIофым и махуэр**

♦**1431 гъэм** Руан къалэм и утышхуэм щагъэсащ Франджым щыщ бзылъхугъэ хахуэ, дзэм и унафэщIу щыта Жаннэ д`Арк.

♦**1941 гъэм** фашистыдзэхэм Крит алыдж хытIыгур яубыдащ.

♦**1942 гъэм** Совет Союзым къыщызэрагъэпэщащ Партизан зэщIэхъееныгъэм и штаб нэхъыщхьэр.

♦**1965 гъэм** Москва - Стокгольм, Москва - Осло гъущI гъуэгухэр къызэIуахащ.

♦**1995 гъэм** Урысейм сом минищэ хъу тхылъымпIэ ахъшэ къыщыдагъэкIащ.

♦**2000 гъэм** Къыргъызым урысыбзэри я къэралыбзэу къыщалъытащ.

♦**2000 гъэм** Темзэ псым и ижьырабгъу Iуфэм деж хуэзэу, Лондон пэмыжыжьэ Детфорд щIыпIэм деж сурэтыщI, скульптор цIэрыIуэ Шемякин Михаил Пётр Езанэм хуигъэпса фэеплъым и лъабжьэр щагъэтIылъащ. Ар 2001 гъэм къызэIуахащ.

♦Урыс дзэзешэ цIэрыIуэ **Невский Александр** къызэралъхурэ илъэс 797-рэ ирокъу.

♦Урысей дыщэкI Iэзэ, зи лэжьыгъэхэр нобэми яхузэрымыгъэгъуэт икIи щIэупщIэшхуэ зиIэ **Фаберже Карл** къызэралъхурэ илъэси 171-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ-уэрэдус цIэрыIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Ошанин Лев** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Япэ дыдэу хьэрш зэIухам хыхьа совет космонавт, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Леонов Алексей** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Демьяненкэ Александр** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Пшынауэ Iэзэ, КъБР-м и цIыхубэ артист **Сэхъу Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Телережиссёр, искусствоведением и кандидат, УФ-м и Артиадэм и лауреат **Сэралъп Самарэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Лъэпкъ и зыпкъ кIуэдыркъым.**



# Къэрал гъунапкъэр зыхъумэхэр

**Къэралым и дэнэ щIыпIи хуэдэу, Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыIэм къулыкъу щезыхьэкIхэм я махуэшхуэр накъыгъэм и 28-м ягъэлъэпIащ.**

ДЭТХЭНЭ къэралми и гъунапкъэр зэрихъумэ щIыкIэм къегъэлъагъуэ абы и лъэщагъыр зыхуэдэр. Дуней псом нэхъ гъунапкъэшхуэ дыдэ щызиIэщ Урысей Федерацэр икIи ар хъумэным къарушхуэ ирихьэлIэ зэпыту къокIуэкI. Аращ сыт щыгъуи гъунапкъэхъумэ IэнатIэр нэхъри егъэфIэкIуэным, зегъэужьыным къэралым гулъытэ хэха щIыхуищIыр.

Ди хэкум и гъунапкъэхэр Кавказым щызыхъумэ Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыIэм и тхыдэри и нобэрей махуэри къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ граждан зауэм къыщыщIидзауэ иужькIэ къэралым щекIуэкIа IуэхугъуэхэмкIэ.

Совет Союз абрагъуэр лъэлъэжу абы хэта республикэхэр зэхэкIа иужь, Урысейм иIэ хъуащ гъунапкъэщIэхэр, Ираным и гъунэм Iута отрядыр Къэбэрдей-Балъкъэрым къагъэкIуащ Урысей Федерацэмрэ Куржымрэ я гъунапкъэ километри 130-р зи кIыхьагъыр ихъумэну пщэрылъ щащIри. Гупым и хэщIапIэр Налшыкти, цIэри абыкIэ зэрахъуэкIащ.



Хэкум и гъунапкъэхъумэ минхэр илъэс къэс зэрешалIэ я махуэшхуэм. Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыIэм щызэхуэсат къалэныр езыхьэкIхэр, зи щхьэцыр къэтхъуха ветеранхэр. ЗэIущIэм кърихьэлIащ КъБР-м и хабзэхъумэ, къарузехьэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

- Нобэ догъэлъапIэ къалэн мытыншыр жэщмахуэ имыIэу езыхьэкI гъунапкъэхъумэм и махуэр, А къулыкъур къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 99-рэ ирокъу. Ди къэралым и гъунапкъэхъумэ IэнатIэхэр сыт щыгъуи хэкум и шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщ къарухэм ящыщу къокIуэкI, - къыхигъэщащ Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI генерал-майор **Пугачёв Анатолий**. Генералым фIыщIэ яхуищIащ хьэлэлу къалэныр езыхьэкI, къыхаха IэщIагъэм хуэпэж я лэжьакIуэхэм.

Жэщ, махуэ ямыIэу дунейр щыуаеми, щыхуабэми Хэкум и гъунапкъэр зыхъумэхэм я махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ **Махуэ Артур**.

Генерал-майор Пугачёв Анатолий я лэжьакIуэ нэхъыфIхэм яритащ Урысей ФСБ-м, ведомствэм я щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. ЗэIущIэм хэтахэм Хэкум папщIэ зи гъащIэр зыта гъунапкъэхъумэхэм я фэеплъу управленэм и пщIантIэм дэтым удз гъэгъа тралъхьащ, абыхэм яхуэщыгъуэу дакъикъэкIэ щымащ.

Махуэшхуэм зэхуишэсахэм папщIэ концерт къызэрагъэпэщащ, управленэм и УМД къудамэм и лэжьакIуэхэм IэпщэрыбанэзауэмкIэ я зэфIэкI ягъэлъэгъуащ. Къызэхуэсахэм папщIэ губгъуэ пщэфIапIэр лэжьащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**



# Гулъытэ зыхуэщIыпхъэхэр

**Республикэ МВД-м щекIуэкIащ а министерствэм, абы и щIыналъэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр, лэжьакIуэхэр зыхэта зэIущIэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым залымыгъэ, щхьэхуещагъым епха щIэпхъаджагъэхэр къыщымыгъэхъуным, апхуэдэхэр сэтей къэщIынымрэ зэхэгъэкIынымрэ теухуауэ я лэжьыгъэм кърикIуахэм тепсэлъыхьащ министерствэм Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI полицэм и полковник **Кърымыкъуэ Заур**.

Полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ, балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ къудамэм и унафэщI полицэм и полковник **Ащхъуэт Аслъэн** зи гугъу ищIар балигъ ныбжьым нэмысахэр кIэрыутIыпщ мыхъуным, ахэр хабзэм емыбэкъуэным, яфI зыхэлъымрэ я хуитыныгъэхэмрэ хъумэным теухуауэ КъБР-м и МВД-м и IэнатIэхэм я лэжьыгъэр зэгъэуIунырщ.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхухэм теухуа унафэхэр къащтащ. КъБР-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру щыIэ полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь ахэр гъэзэщIэныр пщэрылъ ящищIащ жэуап зыхь унафэщIхэм.

*КъБР-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ щыIэ министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.*



# Къэбардэ Азрэт псоми ятокIуэ

**КъБР-м щыIэ МВД-м и эксперт-криминалист центрым щекIуэкIащ эксперт-криминалист IэнатIэхэм я лэжьакIуэ нэхъыфIыр къыщыхаха щIыналъэ зэпеуэ.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР хуэгъэпсащ эксперт-криминалистхэм я зэфIэкIым зегъэужьынымрэ Урысейм и полицэр илъэс 300 зэрырикъумрэ.

Зэпеуэм къахуигъэув къалэнхэр псоми ефIэкIыу игъэзащIэри, бжьыпэр иубыдащ КъБР-м щыIэ МВД-м и ЭКЦ-м и къудамэм и эксперт нэхъыжь , полицэм и лейтенант нэхъыжь Къэбардэ Азрэт. ЕтIуанэ увыпIэр хуагъэфэщащ лейтенант нэхъыжь Гъуазэ Беслъэн (Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэ), полицэм и капитан Жашуев Мухьэрбий (Урысей МВД-м Май щIыналъэмкIэ и къудамэ) ещанэ хъуащ.

Къэбардэ Азрэт Борис и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и химие факультетыр 2011 гъэм къиухри, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ IэнатIэм лэжьэн щыщIидзащ.

Спортым дехьэх, волейболымкIэ япэ разряд иIэщ.

*КъБР-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ щыIэ министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Ди гукъэкIыжхэм зэи хэкIыркъым

● Фэеплъ

**ЕгъэджакIуэ, дохутыр, щIэныгъэлI телъыджэу щыта Ащнокъуэ Исуф Хьэсэн и къуэр къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 80 ирикъуащ.**



1937 ГЪЭМ мэлыжьыхьым и 25-м ар къыщалъхуащ Старэ Урыху къуажэм щыпсэу мэкъумэшыщIэ унагъуэм. 1960 гъэм Дагъыстэн къэрал медицинэ институтыр къиуха нэужь, Iуащхьэмахуэ районым щыIэ Гундэлэн участкэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу илъэсищкIэ лэжьащ.

Ащнокъуэм къызэгъэпэщакIуэ Iэзагъ зэрыхэлъыр и щIалэгъуэм наIуэ къэхъуат. Терапие, хиругие, уз зэрыцIалэхэм щеIэзэ къудамэхэм папщIэ ухуэныгъэщIэхэр, сымаджэщым и лэжьакIуэхэм щхьэкIэ къатитIу зэтет унэ зэрыхуэныкъуэр пхигъэкIыфат абы.

1964 гъэм Исуф щIэтIысхьащ Саратов дэт Травматологиемрэ ортопедиемкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и клиникэ ординатурэм. Абы аспирантурэр къыщиухыжри, и зэманыр къэмысауэ кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIауэ щытащ.

Аспирантурэ нэужьым Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэзэжри, КъБКъУ-м общэ хирургиемкIэ и кафедрэм и ассистенту ягъэуващ. Медицинэ факультетым травматологиемкIэ, ортопедиемрэ зауэ-губгъуэ хирургиемкIэ курс къызэрыщызэрагъэпэщар аращ зи фIыщIэр икIи псэуху кIэ езыр абы и унафэщIу щытащ.

Ащнокъуэ Исуф зэхуэдэу фIыуэ къехъулIэрт егъэджэныгъэ, щIэныгъэ, цIыхум и узыншагъэм еIэзэн, къызэгъэпэщакIуэ лэжьыгъэхэр. Узыфэ хьэлъэхэр гъэхъужыныр абы и натIэм кърихам хуэдэт. Удын хьэлъэ зыгъуэта, ортопедие узыфэ гугъухэр зиIа куэдым я узыншагъэр зэрызыфIэувэжар куэдкIэ и фIыгъэщ Ащнокъуэм хэлъа хиругие Iэзагъым.

1972 гъэм ар доцент, 1976 гъэм категорие нэхъыщхьэ зиIэ IэщIагъэлI хъуащ. Абы игъэхьэзыра щIэныгъэ лэжьыгъэу 80-м щIигъум ящыщу куэдыр медицинэ журналхэм къытехуащ. Травматологие, ортопедие унэтIыныгъэхэмкIэ студентхэм, интернхэм, клиникэ ординаторхэм щхьэкIэ егъэджэныгъэ-методикэ тхылъу зыбжанэ итхащ. Республикэм и медицинэ IэнатIэм абы къыхигъэхьащ тхыр, бгъэгур, куэр, шхужьыр операцэ зэращI IэмалыщIэхэр.

1974 гъэм щегъэжьауэ псэуху ар щытащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и штатым хэмыт травматолог-ортопеду, жыджэру хэтащ IэнатIэм щIэуэ къыхыхьэ техникэ IэмалыщIэхэр зыхуэдэр къэзыпщытэ, республикэм и сымаджэщхэм травматологиемкIэ и къудамэхэр зыхуеину медицинэ IэмэпсымыщIэхэр зыубзыху советым. Абы куэдкIэ и фIыгъэ хэлъщ Республикэ клиникэ сымаджэщым балигъхэм папщIэ ортопедие къудамэ, район сымаджэщиплIым травматологие къудамэхэр къыщызыIуахауэ зэрыщытам.

Республикэм и районхэм сымаджэхэм щыхуащIэ травматологие дэIэпыкъуныгъэхэр егъэфIэкIуэным Исуф зэманышхуи гуащIэшхуи тригъэкIуэдащ. Ар мызэ-мытIэу абыхэм кIуэурэ дохутырхэм лекцэхэм къахуеджащ, операцэхэр щригъэкIуэкIащ. Ащнокъуэр сытым дежи хущIэкъурт езым ищIэмкIэ нэгъуэщIхэм зэрадэгуэшэным, IэнатIэр зэрыригъэфIэкIуэным, дохутыр щIалэхэр Iуэхум зэрытригъэгушхуэным. Республикэм и травматолог-ортопед дэтхэнэ зыми ар и егъэджакIуэу къелъытэ.

Ащнокъуэ Исуф цIыху зэпIэзэрытт, и макъым зригъэIэттэкъым, сымаджэм е медсестрам зэхихыу дохутырым и щыуагъэм и гугъу зэи ищIынутэкъым. Апхуэдэ Iуэхухэм щытепсэлъыхьыжыр ординатор пэшым и дежт, абы щыгъуэми и лэжьэгъум и жагъуэ зэримыщIынум хэту гу зылъита ныкъусаныгъэр зэпкърихырт. Зэхуэдэу пщIэ яхуищIырт санитаркэхэми дохутырхэми. Студентхэм яхуиIэ бгъэдыхьэкIэр зэлъытар ябгъэдэлъ щIэныгъэрт. И лекцэхэр гъэщIэгъуэну иригъэкIуэкIырт, гулъытэ зыхуригъэщIыну Iуэхугъуэхэм щынэсым и деж нэхъ хуэм зищIырти, яжриIар ятхыну зэман яритырт. Студентхэми абы пщIэ къыхуащIырт икIи фIыуэ ялъагъурт.

Ныбжьэгъугъэм и мыхьэнэр нэсу къызыгурыIуэт Исуф, абы къыхэкIыуи ахэр и куэдт. Ар цIыху Iущт, политикэм дихьэхырт, пщэдджыжь къэс газетхэм еплъырт, тхылъ куэд еджэрт. И лэжьэгъухэми, сымаджэхэми, студентхэми, благъэ-Iыхьлыхэми бгъэдыхьэкIэ къахуигъуэтырт, дэIэпыкъуныгъэ хуейуэ зыкъыхуэзыгъэзар игъэщIэхъуртэкъым. ПсэухукIэ хуэпэжащ къыхиха IэщIагъэм, епцIыжакъым и цIыхугъэм, абы и лъэныкъуэкIи дохутыр куэдым щапхъэ яхуэхъуащ.

Унагъуэ дахэ къызэринэкIащ Ащнокъуэм. Абы и щхьэгъусэри дохутырти, лэжьыгъэм гукIи псэкIи дихьэхауэ зэрыпэрытыр къыгурыIуэт, и IэщIагъэм апхуэдэ бгъэдыхьэкIэ зэрыхуиIэри диIыгът. Зэщхьэгъусэхэм бын хъарзынэхэр - къуэрэ пхъурэ - къащIэхъуащ, ахэр гъащIэм лъэ быдэкIэ хагъэуващ.

Дунейм ехыжахэр псэущ, ахэр дигу илъыхукIэ, ауэ егъэджакIуэм и гъащIэм къыпащэ и гъэсэнхэм я IуэхущIафэхэм. Ащнокъуэ Исуф сытым дежи ди гукъэкIыжхэм хэтщ, ди махуэ къэс лэжьыгъэр абы и цIэм епхащ.

*И лэжьэгъухэр, ныбжьэгъухэр.*

● Хъуэхъу



Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, КъШР-м и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и унафэщI, ЩIДАА-м и вице-президент **Бэчыжь Лейлэ Iэбубэчыр** и пхъум къыщалъхуа махуэр егъэлъапIэри, дохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэу иджыри куэдрэ псэуну.

Адыгэ Iуэхум и гуащIэ хилъхьащ, лъэпкъыр ипэкIэ зыгъэкIуэтэн, хабзэм, бзэм, щэнхабзэм, литературэм зезыгъэужьын куэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ Лейлэ. А псоми фIыщIэ, пщIэ, щытхъу къыпэкIуэу, и цIэр Сэтэней Гуащэ хуэдэу яIэту къытхэтщи, ди гуапэщ лъэпкъым хуищIэ Iуэху дахэм и хъер илъагъужу иджыри куэдрэ ди япэ итыну.

*ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академие,*
*Дунейпсо Адыгэ Хасэ,*
*Къэбэрдей Адыгэ Хасэ,*
*Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономие.*

● Ди лъэпкъэгъухэр

# Адыгэу дунейм текъухьар зыщIэзыгъэгупсысыж махуэ

**Урыс-Кавказ зауэжьым хэкIуэдахэм папщIэ Щыгъуэ махуэ IуэхукIэ зэхыхьащ Иорданием, Израилым, Инжылызым щыпсэу адыгэхэр.**

ИЗРАИЛЫМ щыIэ Кфар-Камэ адыгэ къуажэм дэс ди лъэпкъэгъухэр хамэ щIыгу щыпсэуми, я адэжьхэм къатепсыхауэ щыта гузэвэгъуэшхуэр абыхэм я гум илъщ. Къыхэгъэщыпхъэщ, а къэралым щыпсэу адыгэхэм пщIэшхуэ къызэрыхуащIыр, лъэпкъым и Щыгъуэ махуэр Израилым и унафэщIхэм къызэрыдаIыгъыр. Кфар-Камэ и тхьэмадэ Напсо Закарие, абы и къуэдзэхэу Натхъуэхэ Хъэлилрэ Пщымахуэрэ, Адыгэ музейм и унафэщI Тхьэухъуэ Зухьер сымэ щIалэгъуалэ гуп ящIыгъуу мы гъэми къэрал унафэщIхэм яIущIащ, накъыгъэм и 21-м ирихьэлIэу ирагъэкIуэкIыну дауэдапщэхэм теухуауэ зэпсэлъэну. А зэIущIэм кърикIуа зэгурыIуэныгъэхэм тету и Iуэхур зэфIахащ. Накъыгъэм и 21-м сыхьэт 20-м щIидзэу Кфар-Камэ къыщызэIуахащ щыгъуэщIэж пшыхьыр. Абы ипэ махуэхэми, накъыгъэм и 19 - 20-хэм, къуажэдэсхэр зэхуашэсурэ лъэпкъгъэкIуэдым зыхидза гугъуехьхэм, адэкIэ къапэщылъым, дэтхэнэ зыри адыгэу къэнэжын папщIэ ялэжьыпхъэм тепсэлъыхьащ.

Инжылызым щыпсэу адыгэхэри Щыгъуэ махуэм зэхохьэ илъэс къэс. Ахэр Лондон щызэIуощIэри, удз гъэгъахэр, шэху уэздыгъэ пыгъэнахэр Темзэ псым тралъхьэ. Мы гъэм Щыгъуэ махуэр Iуэху щхьэпэмкIэ ягъэнщIащ - щIэныгъэлIхэр, тхыдэджхэр кърагъэблагъэри Hilton Green Park-м зэIущIэ щрагъэкIуэкIащ.

Адрей илъэсхэм елъытауэ, Иорданием 2017 гъэм цIыху мащIэт щыгъуэ махуэм щызэхуэсар. КъуэкIыпIэмкIэ зауэр щымыувыIэми, а махуэм теухуауэ унафэ щымыIами, адыгэ щIалэгъуалэм лъэпкъ ныпыр яIыгъыу уэрамхэм дэтащ.

Адыгэр, дэнэ щIыпIэ щыIэми, адыгэу къонэж, хэкужьым пэIэщIэми, абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар ягу ихуркъым.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

● ФщIэн папщIэ

# Хуэзэр иратыжынущ

**«Урысей Федерацэм ныкъуэдыкъуэхэм псэуныгъэкIэ защIэгъэкъуэным и IуэхукIэ» Федеральнэ законым къыщыгъэлъэгъуащ и узыншагъэр зэфIигъэувэжын папщIэ, езым и щхьэкIэ техникэ IэмэпсымэкъэзыщэхуаныкъуэдыкъуэмабытригъэкIуэдаахъшэрзэрыхуапшыныжынур.**

АР ЗЭРЫРАТЫЖЫНУ хабзэр къыщыгъэлъэгъуащ Урысейм Узыншагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм 2011 гъэм щIышылэм и 31-м къыдигъэкIа унафэ №57-м.

Мылъкур хуапшыныж ныкъуэдыкъуэм е абы и сэбэп зыхэлъхэр пхызыгъэкI цIыхум ята лъэIур и лъабжьэу. Абы щIыгъун хуейщ:

- цIыхур зищIысыр къэзыгъэлъагъуэ тхылъхэр;
- и узыншагъэр зэфIагъэувэжыным теухуауэ ныкъуэдыкъуэм хузэхалъхьа программэр;
- фIэкIыпIэ зимыIэ пенсэ страхованэм щыхьэт техъуэ тхылъу СНИЛС-м и страховой номерыр зытетыр.

Компенсацэр УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и къудамэм ярет унафэр къызэращтэрэ зы мазэ пIалъэм къитIасэу. Апхуэдэ унафэ къащтэ зи гугъу тщIа лъэIур зэратрэ махуэ 30 нэхъ дэмыкIыу.

*КъБР-м и прокуратурэ.*




**Мейкъуапэ къалэ паркым итщ япэ адыгэ щIэныгъэлI, узэщIакIуэ, усакIуэ Нэгумэ Шорэ и фэеплъ.**

# ЩIалэгъуэ

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар Багъэтыр Луиэзщ

● Япэ лъэбакъуэхэр

## ДяпэкIэщ псори



***Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм щыщ уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэ Мэремкъул Ибрэхьим пасэу щIидзащ уэрэд тхыныр. Иджы щIалэм студие егъэлажьэ, езыр Налшык къалэм дэт Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ колледжым щоджэ. Мы гъэм ар хэтащ Ерокъуэ Бишер къызэригъэпэщ «Япэ нэху» Iуэхум. Пшыхьыр къызэрыщыхъуам, и япэ лъэбакъуэхэм тедгъэпсэлъыхьыну абы дыIущIащ.***

**- Ибрэхьим, «Япэ нэху» пшыхьыр къызэрыпщыхъуам утезгъэпсэлъыхьыжынут.**

- А Iуэхур зэраублэрэ сыщIэхъуэпсырт сыхэтыну. УэрэдыщIэ сиIэти, Ерокъуэ Бишер езгъэдэIуэну сыкIуащ. Концертым сыхыхьэну гупыж сызэриIэр щыжесIэм, уэрэдым едаIуэри, ныкъусаныгъэ гуэрхэр абы сигъэлъагъужащ, чэнджэщхэри къызитащ. «Иджы хъуащ», - жиIэхукIэ селэжьащ уэрэдым, итIанэщ Бишер и еплIанэ концертым зыкъыщызгъэлъэгъуэну Iэмал сыщихуар.

**- Чэнджэщыр сыт хуэдэт?**

- Хамэ къэралыбзэкIэ сэ езым зэхэслъхьа уэрэдт абы щыгъуэм ар зэзгъэдэIуар. Арати, апхуэдэ уэрэдхэм зеппщытын ипэ, уи анэдэлъхубзэкIэ уи Iэзагъэм хэбгъэхъуэныр нэхъ сфIэкъабылщ, къызжиIат. Ар сэ къысхуэщхьэпащ.

**- ИтIани, «Япэ нэху» концертым ущыхэтам бгъэзэщIа уэрэдыр нэгъуэщIыбзэщ.**

- Абы едэIуа нэужь, куэд къызэупщIащ сыт хуэдэбзэкIэ жыпIат, жаIэу. Хэти ар испаныбзэм хуихьащ, язынықъуэхэми хьэрыпыбзэу къащыхъуащ. АрщхьэкIэ зэрыщытращ: япэщIыкIэ макъамэр зэхэслъхьати, абы декIуу къэзгупсыса псалъэхэр зэпызгъэувауэ аращ, бзэ иIэкъым.

**- Гупсысэ щIэлъыр дауэ къызэрыбгурыIуэнур-тIэ ?**

- Макъамэр щыстхым нэхъыбэу зытезгъэщIар лъагъуныгъэращ, гъащIэращ. Къапщтэмэ, апхуэдэ ухуэкIэр «Япэ нэху»-м и къызэгъэпэщакIуэхэм нэхъ ягу ирихьри, концертым хэтынухэр къыщыхахым сыщIыхагъэхьар аращ. Ар уэрэдым и тхыкIэщIэу къэпхь хъунущ. Псалъэм папщIэ, апхуэдэ уэрэд яIэщ Куэщты Темыркъан, DanBalan, нэгъуэщIхэми.

Уэрэдыр щыстхам, композитор ХьэIупэ Анзор езгъэдэIуат, сечэнджэщат ар урысыбзэкIэ стхыжыным теухуауэ. Ауэ абы къызжиIащ зэрыщыту къэзгъанэмэ зэрынэхъыфIыр, арыншамэ, къызэрыгуэкI уэрэд зэрыхъунур. Iуэхум хэзыщIыкIым зэрыжиIауэ, гу зэрылъыстэмкIэ, уэрэдыр зэрыхъуар нэхъ яфIэгъэщIэгъуэнщ цIыхухэм.

«Япэ нэху» концертым урысыбзэкIэ нэгъуэщI си зы уэрэди, «Пламя любви» зыфIэсщар, щызгъэзэщIащ, Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и институтым щеджэ си ныбжьэгъу Къэзакъ Марат сригъусэу. ДяпэкIэ ди мурадщ абырэ сэрэ зэгъусэу утыку дыкъихьэну.

**- Уэ езым зэхэплъхьэхэм къищынэмыщIа, уэрэд зэбгъэтх щыIэ?**

- ХьэIупщы Аслъэн сыдолажьэ. Абы япэу урысыбзэкIэ схуитхауэ щытащ «Прошу, услышь меня» уэрэдыр. ЗэрызэхэсхамкIэ, ар Ингушми, Шэшэнми, Бакуи щрагъэтхауэ я уэрэджыIакIуэхэм ягъэзащIэ. Си шыпхъум тыгъэ хуэсщIа уэрэдым и псалъэхэри Аслъэн схуитхащ, адэкIэ «Си дахэу псэр зыхуэусэ» уэрэдри дунейм къытедгъэхьащ. Къапщтэмэ, утыку къисхьэ уэрэдхэм я нэхъыбэр аращ схуэзытхыр, сэ макъамэр щIызолъхьэж. Мамий Аслъэнрэ сэрэ зэдэттхауэ, «Зэ къэсшащэрэт» гушыIэ уэрэдри жызоIэ.

**- Уи ныбжьыр илъэс 15-м иту уэрэд птхыным утегушхуащ. Сыт абы ухуэзышар?**

- Еханэ классым сыщIэсу, сыщеджа курыт еджапIэ №4-м IэпщэрыбанэмкIэ гупжьей къыщызэIуахати, абы илъэскIэ сыхэтауэ, къуажэм дэт адрей курыт школ №3-м пшынэ еуэным щыхуагъасэу зэхэсхащ. Си къуэшхэу Жыгун Эдуардрэ Мэремкъул Ренатрэ абы кIуэрти, къызжаIащ сэри гъусэ захуэсщIмэ зэрагуапэр. Пэжыр жыпIэмэ, спортым нэхърэ ар нэхъ сфIэгъэщIэгъуэн хъужри, куэдрэ сымыгупсысэу арэзы сыхъуат. Гупжьейм цIыху 20-м хуэдизым кIуэн щIэддзами, илъэс нэужьым къэнэжар цIыхуищт. Ахэри дэ зэкъуэшищрат. Налшык къалэм къикIыурэ махуэ къэс къыдэгугъуу дагъэсащ пшынауэ зэщхьэгъусэхэу Вэрокъуэхэ Валерэрэ Каринэрэ. ИлъэсищкIэ емызэшу ахэр къыдэгугъуащ, икъукIэ фIыщIэ яхудощI.

Пшынэ еуэным сыдихьэхауэ гупжьейм сыкIуэурэ, уэрэдхэр аранжировкэ зыщI Сатушы Залым и студиер къэслъэгъуащ. Сэри апхуэдэ симыIэнкIэ Iэмал имыIэу а дакъикъэм сехъуэпсат. ТхьэмахуитIкIэ сытемыпыIэу программэр Интернетым къызэрисхыным селIэлIат, уеблэмэ а зэманым къриубыдэу компьютерыр зэ сымыгъэункIыфIауэ. Дауи, занщIэу къысхуэубыдакъым уэрэд тхыным и щэхухэр. Залым сечэнджэщурэ, хуэмурэ зы илъэс хуэдэкIэ абы селэжьащ. Япэ дыдэу сэ езым зэхэслъхьар «Прошу, услышь меня» уэрэдырщ. Псори зэхэту къапщтэмэ, уэрэдхэм я бжыгъэр 15-м нэблагъэу къыщIэкIынущ.

**- Колледжыр къэбухмэ, уи щIэныгъэм пыпщэну уи мурад?**

- Зы лъэныкъуэкIи абы согупсыс. Ауэ нэхъыбэу мы зэманым сызыщIэхъуэпсыр Налшык къалэм студие къызэрыщызэIусхынырщ. Уэрэд тхыным икъукIэ сыдихьэхащи, абы и лъэныкъуэкIэ зызужьмэ нэхъ къэсщтэнут. Иджыпсту ныкъуэтхыу уэрэд 30 хуэдиз сиIэу къыщIэкIынщи, абыхэм солэжь.

*Епсэлъар*
**БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

● Псысэ

## ПкIей зэныбжьхэр

*(АдыгэбзэкIэ зэдзэкIауэ)*

**Бжьыхьэ махуэ уэфIт. ЛIэщIыгъуэхэр зи ныбжь мэзым дыгъэ къэплъам зыхуигъафIэрт. Илъэсищэ бжыгъэ къагъэщIауэ абы хэт жыгхэм я лъабжьэр иджыри быдэ дыдэу щIым хэтщ, я тхьэмпэхэрщи, къудамэхэм Iуву фIэлъщ. Я лъэдийхэр мыхъуамэ, абыхэм апхуэдиз къапсэуауэ зэрыпщIэн щыIэтэкъым.**

ЖЫГЕЙХЭМРЭ пкIейхэмрэ я лъэдий гъумхэр бырkъуэшыркъуэщ, ныбжь зэраIэр къагъэлъагъуэу. Мэзым и IувыпIэ дыдэм зэныбжьэгъуищ, зи ныбжьыр зымыщIэж пкIей жыгищ, хэтт. Абыхэм я щхьэкIэ баринэхэм япэм хуэдэу удахьэхыжыртэкъым, къапщтэмэ, я лъэдийхэри куэд щIат кунэф зэрыхъурэ. АрщхьэкIэ, сыт хуэдизу жьы хъуами, мы жыгхэм гъэщIэгъуэну ящIэжырт я щIалэгъуэм ялъэгъуа псори.

- Сыту зэманыгъуэ дахэ диIа! - Iущащэрт пкIей жыгыжьым и тхьэмпэхэр. - СощIэж си лъэдий лантIэхэм зашэщIурэ дэнэ лъэныкъуэкIи зызгъэзэфу зэрыщытар. Къысхуихуащ гъуэжькуийуэ къызэкъуэу жьым сыкъиуфэрэзыхь зищIыурэ, срищIыкIыну щыхэта. Ауэ сыкъарууфIэти, сытекIуэрт...

- Уэ пщIэжрэ, - пищащ абы и гъунэгъу пкIейм, - къуалэбзухэм япэ дыдэу ди жыг щхьэкIэхэм щаухуа абгъуэхэр! Сыту сыгузэват бзу шырыр абгъуэм къиху щыпэтам!

- Ди япэ дыщафэ тхьэмпэхэр-щэ! Сабийхэр Iэгъэбэгухьэ мэзым къыщыкIуэкIэ, ахэр зэхуахьэсырт.

- Пэжщ, зэманыгъуэ дахэ диIащ - къэкIыргъащ уэршэрым къыхыхьа ещанэ пкIейр. Ауэ ар хуеищэтэкъым а псом иджыпсту тепсэлъыхьыжыну. Арати, щхьэукъуащ.

- Сэ сыхущIегъуэжыркъым къэзгъэщIам,- пищащ и псалъэм япэ пкIейм. - Пэжщ, уи щIалэгъуэм ущхьэпрех, жыгъэр - Iущщ, абы зэпIэзэрыт уещI. Феплъыт, жыгыщIэхэр къызэрытхудэплъейм! Абыхэм я дежкIэ щапхъэщ ди лIыгъэр, бэшэчагъэр, дызэрызэфIэтыр.

- Шэч хэмылъу, жыпIэмкIэ узахуэщ! - диIыгъащ абы и псалъэхэр етIуанэ пкIейм...

Жыгхэр щым хъуащ. АрщхьэкIэ щхьэщытхъу мащIэ зыхэлъ я гупсысэхэм ахэр иджыри яIыгъыт. Зэуэ жыгхэр къызэщыуащ, зы хъыджэбз цIыкIу абыхэм гъунэгъу къахуэхъуат. Ар нэфIэгуфIэт, щIалагъэр и напщIэ телът. Хъыджэбзыр жыг абрагъуэхэм хуеплъэкIыххакъым. Абы и нэр нэгъуэщIым теплъызат. Дыгъэ нурым я дамэ щхъуэкIэплъыкIэхэр пэлыду хьэндырабгъуэхэр мэз Iувым щызелъатэрт. «Сыту телъыджэ!» - къиIущэщырт пщащэм, абыхэм здеплъым.

- Абы дэ гу къытлъитэххакъым, - я жагъуэ хъуащ пкIей зэныбжьэгъуищым. - Ар дауэ, зы махуэкIэ фIэкIа мыпсэу хьэндырабгъуэ цIыкIум нэхъ къилэжьрэт-тIэ апхуэдиз гулъытэ?!

Жыгхэр Iэнкун хъуащ. Щыму зыкъомрэ хъыджэбз цIыкIум кIэлъыплъащ ахэр. Апхуэдиз илъэс бжыгъэ къагъэщIами, иджы япэу зыхащIауэ арат щIалэгъуалэм щапхъэрэ лъапIэу къалъытэм зыри зэрыхамыщIыкIыр

### Адыгэм и псалъэ шэрыуэхэр

**Гур мыплъэмэ, нэр плъэркъым.** Уи гур зытемыубыдар - къыпфIэмыIуэхур уи нэми къыфIэIуэхукъым - илъагъуркъым.

**Мэлыхъуэхэм я зэхэкIыжыгъуэм кхъуейшыпс зэраутхыж.** ЗэфIэкIуэдащ - я Iуэхур IейкIэ иухащ.

**Хьэр гугъу ехьынумэ, чэруаным ядокIуэ.** Мыхьэнэ зимыIэ гугъуехь зыгуэрым и щхьэ къыщыхуигъуэтыжым деж, ауан хэлъу къапсэлъ.

**Шыдыгъу хабзэрэ дыгъужь хабзэрэ зэтохуэ.** «ТIури я гъунэгъу едыгъуэжыркъым» жыхуиIэщ.

**ЩIалэ гъакIуи, кIэлъыкIуэж.** «ЦIыху арму, зэфIэгъэкI зимыIэ Iуэху гуэр и пщэ иплъхьэу зыщIыпIэ бгъакIуэмэ, кIэлъыгъакIуэ хуэпщIыжын хуей хъунщ» жыхуиIэщ.

**ЩIопщыкъурэ пэт жьы еубыд.** «УимыIэххэIа нэхърэ нэхъыфIщ» жыхуиIэщ.

### БАЛЪКЪЭР Фоусэт

* * *

Вагъуэ жыжьэм
Щыхухэр щхьэ
щIэхъуэпсрэ? -
А лъагапIэм
Гур нэхъ щытыншын?
НэхъыфIщ уи щIым,
Уи цIыхухэм уахэсым, -
УмыцIыхуу жыжьэр
Сыту пщIын?

Вагъуэ жыжьэм
ХуеIэ нэхърэ уи псэр, -
ЩIы гъунэгъум насып
къыщыгъуэт,
ЦIыхуфIагъкIэ,
Дахэу уи нэмыскIэ,
ЛэжьыгъэфIкIэ
Вагъуэ къурырет.

**ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэту лэжьапIэ хъарзынэхэри зыIэрызыгъэхьэжа щIалэгъуалэ гуп я егъэджакIуэу щытам деж кIуащ лъагъунлъагъу. Щхьэж и Iуэху зэрыдэкIым чэзууэрэ тепсэлъыхьащ, ауэрэ зыIууэ гугъуехьхэри абыхэм къаIуэтэн щIадзащ.**

ХЬЭЩIЭХЭМ шей къахуищIыну профессорыр шхапIэмкIэ щIыхьащ. Зимыгъэгувэу абы къигъэзэжащ, шей зэрыт фалъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд (фарфорым, абджым, хрусталым, пластикымкъыхэщIыкIауэ, нэхъ лъапIэхэри къызэрыгуэкIхэри яхэту) иIыгъыу.

ЩIалэгъуалэм шей фалъэхэр зэбграха нэужь, тэлай дигъэкIри, егъэджакIуэм жиIащ: «Гу лъыфтамэ, фалъэ нэхъ лъапIэ дыдэхэр зэбгрыфхащ. Дэтхэнэми и щхьэм нэхъыфI зэрыхуигъэфащэм ар и нэщэнэщ. Нэхъыбэж вжесIэнщи, аращ лъэпощхьэпо фхуэхъур, зи гугъу фщIы гугъуехьхэри «къыщIэунэхур». Уегупсысмэ, фалъэм елъытатIэ абы итыр фIы хъуныр е мыхъуныр?! Си гугъэмкIэ, елъытакъым. Ар хьэпшып лъапIэ къудейщ, уеблэмэ дызэфэр зыхуэдэр языныкъуэми игъэпщкIуу. Девгъэгупсысыт, сытыт фэ нэхъапэкIэ фигу къихьар? Шей фефэныр аракъэ?! Ауэ щыхъукIи, фыIэбэри, дэтхэнэми къэфщтар теплъэ дахэ зиIэрщ, уеблэмэ хэт сыт хуэдэ фалъэ къылъысами зэвгъэзэхуэжу фызэплъыжащ. Иджы, мыпхуэдэу девгъэплъ: гъащIэр - ар фызэфа шейра, лэжьыгъэ, ахъшэ, цIыхухуэм факъызэрыщыхъу жыфIэми - а псор мис а фалъэращ. Ди гъащIэр купщIафIэу щытыныр зы «фалъэми» елъытакъым. АрщхьэкIэ языныкъуэм а «фалъэм» апхуэдизкIэ мыхьэнэшхуэ идотри, тщогъупщэ дызыхуеяр абы ита шей IэфIыр (гъащIэр) арауэ зэрыщытар. ЦIыху насыпыфIэхэм нэхъыфI дыдэу щыIэу хъуар яIэкъым. Ауэ ахэр щIэнасыпыфIэр - яIэмкIэ зэрыарэзырщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, насып жыхуаIэжыр уиIэм (мащIэ-куэдми) уарэзынырщ, армыхъумэ узыхуей псор уиIэнуркъым. Зыхэвмыгъэгъуащэ!»

### Фалъэ лъапIэ

Хъыбар



● IэпщIэлъапщIагъэ

## Марьянэрэ абы и гуащэ цIыкIухэмрэ

**Налшык къалэм щыщ программист Бер Марьянэ Интернетым щиIэ блогым иджыблагъэ къыщытлъэгъуащ абы езым ид гуащэ цIыкIухэр. Дэрбзэр IэщIагъэм хуемыджами, Марьянэ и IэдакъэщIэкIхэр къызэрехъулIэр къегъэлъагъуэ гуащэхэм щIэупщIэ зэраIэм. Ахэр нэсагъэххэщ Нью-Джерси, Москва къалэхэм, Иорданием, Куржым, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум я щIыналъэхэм. Марьянэ къызэрыджиIамкIэ, иджыблагъэ и зы гуащэ цIыкIу Париж здахьащ.**

БЕР МАРЬЯНЭ япэ дыдэу ищIа гуащэр сыт щыгъуи езым щIыгъущ, щIыпIэ гъэщIэгъуэнхэм «зыщызыплъыхь» гуащэм сурэт куэд иIэщ щIыуэпсым хэту. Къапщтэмэ, апхуэдэ мурадщ Берым иIар япэ гуащэр щидым - сурэт техыным дихьэха хъыджэбзым («Нальчик. На стыке времён» проектыр зэхилъхьащ. Зы сурэтым деж абы щызэхегъэувэ къалэжьым и теплъэмрэ абы ди зэманым зэрызихъуэжамрэ) и унэ пщIантIэм дэт, удз гъэгъахэр щыкI IэрыщI гуэл цIыкIум щыпсэу хьэндыркъуакъуэм щIыгъуу, зы теплъэгъуэ къигъэщIыну игу къэкIати, псысэм хэт «Дюймовочка»-м и пIэм лъэпкъ фащэ зыщыгъ гуащэ цIыкIур абы къригъэхутащ. Ауэрэ абыхэм я бжыгъэм хэхъуащ.

Нэхъ цIыкIу дыдэу Марьянэ ищIа гуащэм сантиметри 6 и лъагагъыу аращ, нэхъ ин дыдэм - сантиметр 30. Нэхъ ипэкIэ абы и гуащэхэр къытрищIыкIыу щытащ зыплъыхьакIуэ Бёлл Джеймс и дневникым къыщыхьа адыгэ пщащэм и сурэтым. АрщхьэкIэ иджы абы нэхъ кууэ зыщегъэгъуазэ адыгэ фащэм и тхыдэм, тхыпхъэщIыпхъэхэм я мыхьэнэм. Гуащэ цIыкIухэр я теплъэкIэ зэщхькъым, уеблэмэ я пыIэхэр зэмылIэужьыгъуэу зэрищIынум Марьянэ хущIокъу.

Лъэпкъ IэпщIэлъапщIагъэм дихьэха программистым иджы дыщэидэм зыхуегъасэ, уагъэ-щагъэ зэIущэкIэхэр зэрегъащIэ. Адыгэ фащэхэм я дыкIэм сурэтыжьхэмкIэ кIэлъоплъ. Нэхъ гъэщIэгъуэнращи, апхуэдизу цIыкIуу абы ид гуащэ зыбжанэм Марьянэ шылэхъар яхузэIуищэфащ.

Берым и гуащэхэм я сурэт «Инстаграм»-м - къизылъхьа зы цIыхубзым етх: «Иорданием мы цIыкIуитIыр си гъусэу сокIуэ. Гуащэхэр IэкIэ ящIащ. Си гугъэщ ахэр зыхуэсхь адыгэ пщащэхэми мы гуащэхэм къызат гукъыдэжым хуэдэ зыхащIэну».

Iэгум ихуэну, зэрыхабзэу, щхьэцыгъуэ еухуэнэха зытелъ «адыгэ гуащэ» цIыкIухэм я фащэми, я теплъэми удахьэх: бгъэIулъ зыщIыгъу фащэ плъыжь цIыкIур, Iэщхьэтелъыр, пыIэ лъагэхэр - псори зэдекIуу дащ.

Илъэсищ хъуауэ дунейм тет гуащэ цIыкIухэр цIэрыIуэ щыхъуащ Интернетми гъащIэми (гуащэ цIыкIур зыIэрызыгъэхьахэм ар яIыгъыу дунейм и щIыпIэ зэмылIужьыгъуэхэм сурэт щызэтрагъэхыурэ кърaлъхьэ). Насыпщ цIыхухэм я псэм къищтэ IуэхущIафэ уиIэныр. Бер Марьянэ и мурад-хэр зригъэхъулIэну ди гуапэщ.

**ТЕМРЫКЪУЭ Жылэгуащэ.**



## Пщащэ нэфIэгуфIэ

**Инджылызыбзэмкlэ ехъулIэныгъэфIхэр къэзыгъэлъагъуэ, нэгъуэщI къэрал литературэм къызэрымыкIуэу дихьэх, «Гарри Потер» романыр къытезыгъэзэжурэ щIэзыджыкIыж Бжьыней Камиллэ зэманыр Iуэхукlэ зыгъэнщI, гупсысэ гъэщIэгъуэнхэр зиIэ еджакIуэщ. Иджыблагъэ абы текIуэныгъэ къыщихьащ республикэм «Усыгъэм хухэха сыхьэтитI» фIащауэ ирагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм.**

ЗЭПЕУЭМ Камиллэ къыщеджащ Кулиев Къайсын «Баллада о погибшем друге» и усэм инджылызыбзэкIэ зэдзэкIауэ. Усэр абы инджылызыбзэмкIэ и егъэджакIуэ Усубековэ Iэсият щIыгъуу игъэхьэзырауэ щытащ «100 шагов к Кайсыну» зэхьэзэхуэм хэтыну щрагъэблэгъам. И къеджэкIэр зигу ирихьа къэпщытакIуэ гупым Камиллэ зэпеуэм и япэ Iыхьэм пхагъэкIащ, иужькIэ усэм къеджэу видео трахын хуейти, Интернет IэIэтми ар пашэ щыхъуащ.

Бжьыней Камиллэ мы гъэм къеух Красноармейскэ (Тэрч район) къуажэм дэт курыт еджапIэм и 9-нэ классыр. Мызэ-мытIэу абы ехъулIэныгъэхэр щиIащ район, республикэ зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм, олимпиадэхэм. Абыхэм ящыщщ Тэрч районым щекIуэкIа «Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ» зэпеуэр. Камиллэ зэрыжиIэмкIэ, ар абы игу къинэжащ, гъуазджэмрэ тхыдэмрэ теухуа Iуэхугъуэхэм фIэгъэщIэгъуэну езым зыщегъэгъуазэри.

2016 гъэм Камиллэ етIуанэ увыпIэр къыщихьащ Пушкин Александр къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу КъБКъУ-м щрагъэкIуэкIа республикэ зэпеуэм. Абы Бжьынейр гъэхуауэ инджылызыбзэкIэ къыщеджащ урыс классикым и Iэдакъэ къыщIэкIа «К морю» усэм. Нэгъабэ Бжьыней Камиллэ хэтащ КъБР-м щрагъэкIуэкIа «Детство без границ» зэпеуэми. Япэ увыпIэр къыхуагъэфащэри, абы и лэжьыгъэр Москва къалэм ирагъэхьащ икIи ещанэ увыпIэр къыщратащ.

Хъыджэбз нэфIэгуфIэ цIыкIур еджакIуэ жыджэрхэм зэращыщыр къегъэлъагъуэ школ зэгухьэныгъэм хэтхэм къазэрыхэжаныкIми. Камиллэ еджакIуэхэр зэщIегъэуIуэф, зэгъусэу махуэшхуэхэм ирихьэлIэу пшыхьхэр къыхузэрагъэпэщ сабий ныкъуэдыкъуэхэм, абыхэм тыгъэхэр хуагъэхьэзыр, нэгъуэщI IуэхуфIхэри къызэрагъэпэщ.



Иджыблагъэ Камиллэ «Урысыбзэмрэ урыс щэнхабзэмрэ фIыуэ щIэслъагъур» Iуэхум теухуауэ итха сочиненэм къыхуагъэфэщащ ещанэ нагъыщэ зиIэ щIыхь тхылъыр.

Камиллэ илъэсищым нэблэгъауэ къэфэным зыщыхуегъасэ Хъущт Сэтэней и гупжьейм, апхуэдэуи Красноармейскэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм къыщызэрагъэпэщ театр теплъэгъуэхэм хэтщ.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

## ФIыуэ плъагъу Iуэхум Iэр хуэпсынщIэщ

**Курп Ищхъэрэ (Къаншыуей) къуажэм щыщ Былымыхь Аскэр нэхъ IэщIагъэ гугъу дыдэхэм ящыщ къыхэзыха щIалэщ. Курыт еджапIэм зэрыщIэсрэ абы ищIэрт дохутыр хъуну зэрыхуейр.**

● IэщIагъэлIхэр



2002 ГЪЭМ ар щIэтIысхьащ Астрахань дэт Медицинэ академием икIи ехъулIэныгъэ иIэу къиухащ . АдэкIэ абы Налшык къалэм къигъэзэжри, интернатурэм и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ, 2009 - 2011 гъэхэм Республикэ клиникэ сымаджэщым Лъынтхуэ хирургиемкIэ и центрым ординатурэм щыпищащ. ИужькIэ Аскэр аспирантурэм щеджащ, КъБКъУ-м госпиталь хирургиемкIэ кафедрэм и унафэщI, профессор Аслъэн Ахьмэд и унафэщIу диссертацэ лэжьыгъэр игъэхьэзыращ. Сеченовым и цIэр зезыхьэ Медицинэ академием (Москва) и профессор Косенков Александр и дэIэпыкъуэгъуу, лъынтхуэ узыфэхэм зэреIэзэ Iэмалыщ Iэхэр абы къигъэлъэгъуащ.

2012 гъэм къыщыщIэдзауэ Былымыхь Аскэр Республикэ клиникэ сымаджэщым фIэкIыпIэ имыIэу операцэ ящIын хуейуэ кърашалIэхэм еIэзэ хирургыу мэлажьэ. Апхуэдэуи ар Тэрч район сымаджэщ нэхъыщхьэм лъынтхуэ хирургыу щыIэщ, Тэрч къалэм и поликлиникэми сымаджэхэм щоIэзэ.

Аскэр щIэныгъэфI зригъэгъуэтауэ иджы и лэжьыгъэм фIэфIу пэрытщ, уеблэмэ илъэсым къриубыдэу зигъэпсэхуну дохутырым иIэ махуэ 42-р щыхуэмыгъакIуэ къэхъуу. Япэ дыдэ езым и закъуэу абы операцэ ищIын щIидзащ 2010 гъэм. Аскэр зэрыжиIэмкIэ, ар Iэ, лъакъуэ пыхыным епхауэ щытащ. «Интернатурэмрэ ординатурэмрэ нэхъ гугъу дыдэми ухуегъэхьэзыр. Сэ егъэджакIуэфIхэр сиIащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, лъынтхуэмкIэ хирург Баппенаев Марат. Дохутырыр псом хуэмыдэу Iэсэлъасэу, зэпIэзэрыту щытыпхъэщ, апхуэдэ дыдэуи зыпэрыхьа IэнатIэр и гъащIэм щыщ Iыхьэ нэхъыщхьэ хъун хуейуэ къысщохъу. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэ уимыIэу дохутырхирургыу улэжьэфынукъым», - жеIэ Былымыхьым.

Аскэр хущIокъу щылажьэ Тэрч район сымаджэщым тхьэмахуэм тIэу е щэ операцэ щищIыну. ЦIыхум и лэжьэкIэр хэIущIыIу хъуа нэужь, апхуэдэ дохутырым деж чэзу къагъэхъуу макIуэ сымаджэхэр. Былымыхьыр дэтхэнэми зэрыхъукIэ сэбэп яхуохъу, узыфэ нэхъ гугъухэр зиIэ къащыхэкIым, Налшык къалэм Лынтхуэ хирургиемкIэ и центрым пыщIащи, и ныбжьэгъухэмрэ и лэжьэгъухэмрэ зыкъыщIагъакъуэ, зочэнджэщ. ГурыIуэгъуэщ, район сымаджэщым иIэ Iэмалхэр зэрынэхъ мащIэрщ абы и щхьэусыгъуэр.

- ЦIыхухэр щыгъуэзэн хуейщ узыфэхэр къызыхэкIымрэ зэрызэгугъужыпхъэмрэ. Си деж къакIуэхэм зэпымыууэ яжызоIэ узыфэр хыумыгъэтIасэмэ, дохутырыр сэбэп нэхъ къызэрыпхуэхъуфынур, - жеIэ Аскэр. - Дохутырми и щIэныгъэм зэпымыууэ хигъэхъуэн хуейщ. Псалъэм папщIэ, иджыблагъэ Республикэ клиникэ сымаджэщым щекIуэкIащ Склифосовскэм и цIэр зезыхьэ институтым къикIа профессорхэр зыхэта конференц. ИкъукIэ тфIэгъэщIэгъуэну абыхэм дедэIуащ. Апхуэдэуи госпиталь хирургиер илъэс 50 зэририкъур дгъэлъэпIащ, а Iуэхуми Москва къалэм къикIа профессорхэр хэтащ, абыхэм жаIами куэд къыхэтхащ. Ар щIыжысIэращи, Iуэхум сыт хуэдизу фIыуэ хэпщIыкIми, уи лэжьыгъэм гукъыдэж къует щIэ гуэрхэр къэпщIэху. Сэ сфIэфIщ зи щIэныгъэм, Iэзагъэм хэзыгъэхъуэну хущIэкъу цIыхухэр», - жеIэ Аскэр.

**АЛХЪО Дыжьын.**

● Махуэ лъапIэ


ГуфIэгъуэм къерихьэлIахэр.


ХьэщIэхэр яхуоблагъэ.

# Куба и вагъуэхэр


Нэхъыжьхэр ягъэлъапIэ.



**Куба къуажэм щыпсэухэм Iэтауэ ягъэлъэпIащ я жылэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 275-рэ зэрырикъум егъэщылIа гуфIэгъуэр.**



ПСОМИ ди нэгу щIокI накъыгъэ мазэр къиину зэрыщытыр. Абы зэрыщIидзэрэ уэшхыр увыIэркъым, уафэр гъуанэ хъуащ жыхуаIэм хуэдэу. АрщхьэкIэ, мы гуфIэгъуэ зэхыхьэр къыщаIэта махуэр уэфIт, нэжэгужэт, цIыхухэм дэрэжэгъуэ къариту. Ари мыпхуэдэ Iуэхухэм ехьэлIа нэщэнэуи къыщIэкIынущ.

Сыкъыщалъхуа мы жылэм теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэ куэдым си ныбжьым къриубыдэу сыхэтащ, арщхьэкIэ, сщIэжыркым иджы хуэдэу хъуахъуэу, гукъыдэж инхэр яIэу къуажэдэсхэр зэхыхьауэ.

ЩэнхабзэмкIэ унэ дэгъуэм и пэшышхуэм цIыхухэр щIэхуэртэкъым, пщIантIэм щIалэгъуалэр щыджэгурт. ЗанщIэу къэдгъэлъэгъуэнщи, кубадэсхэм ди республикэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа хьэщIэ куэд яхуеблэгъат.

Мэкъамэ дахэ щIэту Куба къуажэм теухуа уэрэдыр игъэзэщIащ а жылэм щалъхуа ТхьэкIумащIэ Аслъэн.

ИужькIэ Куба къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ **Машэжь Замир** зэIущIэр къызэIуихащ. Абы псалъэ яритащ хьэщIэ лъапIэхэм - КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ **Сарбашевэ Светланэ**, КъБР-м и Парламентым и комитетхэм ящыщ зым и тхьэмадэ **Пащты Борис**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал кIуэцI политикэмкIэ и управленэм и унафэщI **Къуэжей Артём**, район администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ, а къуажэм къыщалъхуа **Къанэмэт Рустам**, нэгъуэщIхэри. Абыхэм Балъкъ Iуфэ Iус жылэм щыпсэухэм псалъэ гуапэхэр хужаIащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ мы гуфIэгъуэр къэIэтыныр къызыхэкIа щхьэусыгъуэм. Дэфтэрхэм къызэрагъэлъэгъуэжымкIэ, 1920 гъэм зи цIэр «Куба»-кIэ зэрахъуэкIа «Хьэсэнбий» къуажэр 1772 гъэм къэунэхуащ, а пщыр Хьэтохъущокъуэхэ я лIакъуэм къыхэкIыу езым и цIыхухэр и гъусэу ищхъэрэкIэ къеха иужь. Илъэс зыбжанэ дэкIри, абы Балъкъ Iуфэ и ижьырабгъу лъэныкъуэм зыщигъэбыдащ, Агубэчей, Тажьджэ хьэблэхэр, Лэшынкъей къуажэм пэгъунэгъу Афэбг IуащхьэмкIэ, Псыхуабэрэ Гумкъалэрэ я Iэшэлъашэхэм къикIахэр къахыхьэри.

Революцэм ипэкIэ ХьэтIохъущыкъуей ЕщанэкIи еджэу щытащ. Аращ и къежьэкIэ хъуари. Куба къуажэм цIыхушхуэхэр къыдэкIащ, республикэм и мызакъуэу, къэрал псор ягъэбжьыфIэу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIу илъэс куэдкIэ щытащ щIыналъэм и большевикхэм я пашэ Къалмыкъ БетIал. Граждан зауэм и зэманым къуажэм щыщ гуащIэрыпсэухэр лъабжьэ яхуэхъуащ япэщIыкIэ Шыкуэ Мырзэбэч, ар яукIа иужь, и къуэш ТIутI зи унафэщI хъуа Къэбэрдей полкым.

АрщхьэкIэ, къуажэм и тхыдэр плъыжьыгъэ зэфэзэщу иIауэ щытакъым. Абы къыдэкIащ адыгэ щэнхабзэмрэ щIэныгъэмрэ кууэ зыIэта цIыхухэр. Псалъэм и хьэтыркIэ, мы къуажэм къыщалъхуащ япэ адыгэ алыфбейр зэхэзылъхьа, тхыдэдж ХьэтIохъущокъуэ Къазий, революцэ нэужьым япэу щIэныгъэ куу зэзыгъэгъуэта адыгэхэм ящыщ, Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщIу щыта, урыс графикэм тету къэбэрдей алыфбейр зэтеухуэным зи гуащIэ хэзылъхьа тхакIуэ Пщынокъуэ Абдул. Абыхэм ирахьэжьа Iуэхухэр ягъэкIуэтащ иужь итахэми. Псалъэм и хьэтыркIэ, Къалмыкъ Фёдор япэ адыгэ скульпторщ, географие щIэныгъэхэм я кандидат, кавказ къуршхэр джыным нэхъыбэу зи гъащIэр тезыухуа, Арктикэми Антарктидэми япэу зи лъэр нэзыхьэса щIэныгъэлI Бажэ Альберт.

Къэрал псом цIэрыIуэ щыхъуауэ щытащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 300-м щIигъу зиIа, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Быгу Хьэзрэталий, Асуан плотинэр Египетым щызыухуахэм яхэта, и лъахэм къигъэзэжа иужь илъэс куэдкIэ Бахъсэн ГЭС-м и унафэщIу лэжьа Хьэщхъуэжь Гъэзалий, КъБКъУ-м и профессор Уэщхъун МуIэед сымэ.

Инщ Куба къыдэкIахэм гъуазджэм хуащIа хэлъхьэныгъэхэри. Къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щолажьэ пщIэрэ щIыхьрэ зиIэ IэщIагъэлI куэд. Красноярск художественнэ институтым и профессор, КъБР-мрэ Урысеймрэ я цIыхубэ сурэтыщI Пащты Германрэ абы и къуэ, и лъэужьым ирикIуа Пащтхъанрэ я лэжьыгъэхэр дуней псом щызэIэпах, Шыкуэ Анатолий игъэхьэзыра Iэмэпсымэ телъыджэхэр музей зэмылIэужьыгъуэхэм щахъумэ. ЦIэрыIуэ хъуа уэрэд куэдым я псалъэхэр и IэдакъэщIэкIщ пщIэрэ щIыхьрэ иIэу псэуа Къанкъул ФIыцIэ.

Дгъэзэжынщ езы гуфIэгъуэ зэхыхьэмкIэ. Абы и купщIэу уващ къуажэм и гербымрэ ныпымрэ. Иджыщ ар япэ дыдэу сценэм къыщыфIадзар. ЗэIущIэм и гугъу щащIащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэр зыфIаща япэ адыгэ цIыхубз, жэмыш Пащты Салимэ, зи гуащIэкIэ Лэжьыгъэ ЩIыхь орденым и нагъыщитI зрата, космонавт Климук Пётр хьэршым здэщыIэм къызэхъуэхъуауэ щыта ДыщэкI Хьэсэн, дамыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэща, илъэс щэ ныкъуэм щIигъукIэ механизатору губгъуэм ита Шыкуэ Амдулрэ Теунэ Нинэрэ. Мыбдежым зыщагъэгъупщакъым илъэс куэдкIэ щIэблэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным и IэнатIэм пэрыта Уэщхъун Музэфар, Къанкъул Анатолий, Тутай Хьэзрэталий сымэ, нэгъуэщI куэди.

ГуфIэгъуэ зэхыхьэр къызэзыгъэпэщар курыт школ №2-м и унафэщI Къанэмэт Индирэщ. Къыщыпсалъэм, абы къыхигъэщхьэхукIащ Куба къуажэм и щIыхьыр къэзыIэта цIыхухэм я фэеплъыр хъумэным мы Iуэхур нэхъ тегъэщIауэ зэрыщытыр. Ар икIи къайхъулIащ.

ЩэнхабзэмкIэ унэм и пщIантIэм къыщызэIуахащ ПщIэмрэ лэжьыгъэ щIыхьымрэ я аллее. ЦIыху цIэрыIуэхэм я цIэхэр зытетха вагъуэхэр пщIантIэм и бгъум деж плитахэм щыхаIуэнтIащ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ Хэкур хъумэным зи гъащIэр тезыухуа цIыхухэри. Илъэс куэдкIэ Германие Демократие Республикэм дзэ къулыкъу щезыхьэкIа, мы зэманым ДОСААФ-м и республикэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ, полковник МацIыхъу Хъусен къызэхуэсахэм яжриIащ мыпхуэдэ зэхыхьэшхуэм къызэрырагъэблэгъар хуабжьу и гуапэ зэрыхъуар, дяпэ итахэм зауэмрэ лэжьыгъэмрэ щызэрахьа лIыгъэм къытщIэхъуэ щIэблэр щыгъуазэ ящIын зэрыхуейр.

Лэжьыгъэм къыщыхэжанык Iа цIыху пэрытхэм зэIущIэм къыщратащ министерствэхэм, профсоюзхэм, район администрацэм я щIыхь тхылъхэр, ахъшэ саугъэтхэр.

Гукъинэж хъуащ ЩэнхабзэмкIэ унэм и бгъум екIуэкIыу щагъэува пщыIэхэр, лъэпкъ щхьэхуэхэм къызэрагъэпэщахэр. Дэтхэнэми я гупэхэм щыфIадзат лъэпкъ къэс и къэхъукIэр, къежьэкIэу иIар къэзыIуэтэж дэфтэрхэмрэ сурэтхэмрэ. ЛIакъуэхэм я лIыкIуэхэр зыр адрейм хуеблагъэрт. Дэ гу лъыттащ нэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэууэ къахуеблэгъахэм илъэс куэдкIэ зэрымылъэгъуахэр мымащIэу зэрахэтар. Куба къуажэ а махуэм кIуат нэгъуэщI жылэхэм дэс я унэцIэджэгъухэри. Псалъэм и хьэтыркIэ, журналист цIэрыIуэ Мэшыкъуэ Тэзал, хабзэхъумэ, къэрал кIуэцIыдзэхэм я полковник, пасэу дунейм ехыжа Къармэ Iэхьед и ныбжьэгъуфIу щыта икIи абы и цIэкIэ вагъуэ зыгъэува тхакIуэ ЛIыгъур Чэрим, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, щIыпIэ жыжьэхэм къикIа нэгъуэщIхэри.

Зы тхыгъэ закъуэм псори щхьэтечу къыщытхузэщIегъэубыдэнукъым икIи, дызэригугъэмкIэ, аракъым нэхъыщхьэр, атIэ мыпхуэдэ зэIущIэхэм къуажэм дэлъ намысымрэ пщIэмрэ зэрагъэбыдэрщ, нэхъыщIэхэр нэхъыжьыфIхэм я щапхъэм ирикIуэным зэрыщыхуаущийрщ.

Псалъэм и кIэухыу дыхуейт юбилей хэха гуэрхэм япымыщIауэ къуажэм и махуэ ягъэувыну икIи абы егъэщIылIа зэIущIэхэр илъэс къэс къызэрагъэпэщыну. Ди гугъэщ мы гуфIэгъуэ зэхыхьэм хэтахэми ар ягу къэкIауэ.

**ШАЛ Мухьэмэд.**




НыбжьыщIэ цIыкIухэм я дэрэжэгъуэщ.

● Футбол

# КъыкIэрыхухэм гугъуу хагъахъуэ

**Ди республикэм футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм Бахъсэн и «Автозапчасть»-м и пашэныгъэр щигъэбыдэ зэпытмэ, турнир таблицэм и лъабжьэм къыщыхутахэм ар зэрабгынэным я къару псори ирахьэлIэ.**

«АВТОЗАПЧАСТЬ»-м, зэрихабзэу, иужьрей джэгугъуитIми бжыгъэшхуэкIэ и хьэрхуэрэгъухэр хигъэщIащ, езым и гъуэм зыри къыдримыгъэгъэкIыу. Псом хуэмыдэу бахъсэндэсхэм «лей щызэрахьащ» ХьэтIохъущыкъуей къуажэм. Жэуапыншэу топибл абыхэм хэгъэрейхэм щыхудагъэкIащ. Чемпионыр нэхъ щысхьащ Бабугент къикIахэм - «ЛогоВАЗ»-м лъысар 3-щ.

Пашэр зэраIэщIэкIым арэзы техъуэ хуэдэщ абы къыкIэлъеIэхэр. Армырамэ, дауэ къызэрыбгурыIуэнур «Тэрчми» «Кертми» хэщIыныгъэ ягъуэт зэпыту къызэрекIуэкIыр. Хьэлэмэтращи, иужьу а тIуми къатекIуар къалъэщIыхьа «Псыгуэнсуращ».

Иужь увыпIэхэм къыщыхутахэри зэралъэкIкIэ мэныкъуакъуэ, очко зырыз нэхъ мыхъуми зэIущIэ къэс щызыIэрагъэхьэну хущIэкъуу. ИкIи ар къайхъулIэ хуэдэщ. Къапщтэмэ, Хьэсэней и «Жулдуз»-м «ЛогоВАЗ»-ри «ГорИс-179 Прохладнэри» зытригъэкIуакъым. Прохладнэдэсхэми я Iуэхур зэрыщытыр апхуэдэ дыдэущ. Абы и фIыгъэкIэ ахэр «Бахъсэным» гъунэгъу къыхуэхъуащ. АрщхьэкIэ ари хэкIыпIэкъым, иужь увыпIэхэр къэзыхьа командищ гуп нэхъыщхьэм зэрыхагъэкIынур къэплъытэмэ.

АдэкIэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и иужьрей зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: *ебгъуанэ джэгугъуэ* - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**Союз**» (Сэрмакъ) - 1:1, «**Велес-СДЮСШОР**» (Къэрэгъэш) - «**Къундетей**» (Шэджэм) - **2:1**, «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **0:7**, «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **1:0**, «**Бедик**» (Аргудан) - «**Керт**» (Къэхъун) - **0:2**, «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**Жулдуз**» (Хьэсэней) - **1:1**, «**ГорИс-179 Прохладнэ**» (Прохладнэ) - «**Псыкуэд**» (Псыкуэд) - **2:2**, «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **1:3**; *епщIанэ джэгугъуэ* - **«Союз» - «ХьэтIохъущыкъуей» - 5:2, «Тэрч» - «Нарт» - 2:0, «Бедик» - «Велес-СДЮСШОР» - 4:1, «Автозапчасть» - «ЛогоВАЗ» - 3:0, «Керт» - «Псыгуэнсу» - 2:4, «Къундетей» - «Родник» - 0:0, «Псыкуэд» - «Бахъсэн» - 3:3, «Жулдуз» - «ГорИс-179 Прохладнэ» - 1:1**.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **«Автозапчасть»** | **10** | **9** | **1** | **0** | **53-5** | **28** |
| **2.** | **«Тэрч»** | **10** | **7** | **0** | **1** | **23-10** | **21** |
| **3.** | **«Бедик»** | **10** | **6** | **1** | **3** | **22-11** | **19** |
| 4. | «Керт» | 10 | 5 | 3 | 2 | 27-17 | 18 |
| 5. | «Псыкуэд» | 10 | 5 | 3 | 2 | 22-15 | 18 |
| 6. | «Псыгуэнсу» | 9 | 5 | 2 | 2 | 22-16 | 17 |
| 7. | «Нарт» | 10 | 5 | 2 | 3 | 26-15 | 17 |
| 8. | «Союз» | 10 | 5 | 2 | 3 | 28-21 | 17 |
| 9. | «ЛогоВАЗ» | 10 | 5 | 1 | 4 | 21-15 | 16 |
| 10. | «Велес-СДЮСШОР» | 10 | 4 | 1 | 5 | 19-22 | 13 |
| 11. | «Родник» | 10 | 3 | 3 | 4 | 16-20 | 12 |
| 12. | «Къундетей» | 10 | 3 | 1 | 6 | 16-26 | 10 |
| 13. | «ХьэтIохъущыкъуей» | 10 | 2 | 2 | 6 | 13-29 | 8 |
| **14.** | **«Бахъсэн»** | **10** | **1** | **1** | **8** | **11-38** | **4** |
| **15.** | **«ГорИс-179»** | **10** | **0** | **3** | **7** | **9-38** | **3** |
| **16.** | **«Жулдуз»** | **9** | **0** | **2** | **7** | **7-37** | **2** |

● Дзюдо

# Европэм и Кубокыр къехь

**Иджыблагъэ Испанием щызэхэтащ дзюдомкIэ Европэм и Кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ къэрал 21-м я спортсмен нэхъ лъэрызехьэ 300-м щIигъу.**



КъБР-м дзюдомкIэ и федерацэм и президент Емкъуж Мухьэмэд хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, Ла-Корунье къалэм щекIуэкIа зи ныбжьыр илъэс 21-рэ иримыкъуахэм я европэ зэпеуэм Кубокыр къыщихьащ ди республикэм щыщ Блий Аюб.

Къыщыхах зэIущIэхэр фIы дыдэу къызэзынэкIа ди лъэпкъэгъум кIэух Iыхьэм къыщыпэщIэхуащ Испанием щыщ дзюдоист Торне Гарсиа Давид. Блийм абыи гугъущэ зыдригъэхьакъым икIи зэщхьэщыкIыныгъэшхуэ иIэу текIуэныгъэр къыфIихьащ. Апхуэдэу, килограмм 60-м нэблагъэ зи хьэлъагъхэм я гупым Аюб дыщэ медалымрэ Европэм и Кубокымрэ къыщихьащ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

# ГуэлыщIэ

● Налшык

**«Налшык и зоопарк» муниципальнэ IуэхущIапIэм къыщызэIуахащ гуэлыщIэ.**

ЗООПАРКЫМ и ижьырабгъу плIанэпэм хуэзэу щащIа гуэлым щыфлъагъунущ къыухэр, губгъуэ бабыщхэр, пеликан дыжьыныфэхэр.

Гуэлым къэухь дахэ кърагъэувэкIащ, ар плиткэхэмкIэ екIуу къищIыкIыжащ. Псом хуэмыдэу щIыпIэр ягъэдахэ лъэс лъагъуэхэр я кIыхьагъкIэ къэзыгъэнэху жэщ уэздыгъэхэм.

Зоопаркым зыплъыхьакIуэ къакIуэхэм папщIэ шхапIэ мыин, абы пэмыжыжьэу сабийхэм я «НэгузыужьыпIэ къалэ» къыщызэIуахащ. ЦIыкIухэм я тегъэупIэр къищIыкIащ удзыпцIэ теплъэ зиIэ алэрыбгъу IэрыщIкIэ.

**ЖАНХЪУЭТ Зуэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.721
Заказ №654